



Pou Piblikasyon Imedya: 24/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE EFÒ REKIPERASYON & SOULAJMAN EMPIRE STATE
POU PÒTO RIKO ATRAVÈ ETA A**

Li Lanse yon Inisyativ Toupatou Atravè Eta Pou Moun Fè Don Atik Ki Pap Gate nan Lokalite Estratejik yo - Ki gen ladan Citi Field an Patenarya ak New York Mets

Gouvènè Cuomo ansanm ak Patenarya pou Vil New York yo Lanse Fon Rekonstwiksyon ak Soulajman Pòto Riko nan fon Konfyans Kominotè New York pou Kowòdone Don Ki Te Fèt pa Kominote Biznis pou Òganizasyon Charitab Lokal yo nan Pòto Riko

Efò Sou Twa Fasèt ak GNYHA, HANYS, NYSNA ak 1199SEIU an Ap Bay Materyèl Medikal, Pèsonèl ak Asistans Teknik nan Lopital Pòto Rikèn yo

Jennifer Lopez, Manm Kongrè Nydia Velázquez, Manm Asanble Marcos Crespo ak Cesar Perales Ki Ap Sèvi kòm Ko-Prezidan Efò a

Aprè Misyon Soulajman Gouvènè Cuomo a - Videyo yo [Isit la](#) epi Foto yo [Isit la](#)

Vizite ny.gov/PuertoRico pou Enfòmè Pi Plis epi Poze Aksyon

Aprè vizit li nan Pòto Riko pou bay materyèl ijans yo epi wè dirèkteman domaj ak devastasyon ki genyen toupatou akòz Ouragan Maria, Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse jodi a Efò Rekiperasyon ak Soulajman Empire State (Empire State Relief and Recovery Effort) pou Pòto Riko. Efò a ap rasanble ansanm yon gwo seri patnè sivik, biznis ak endistri pou bay sèvis, atik ak finansman ki nesèsè yo, pou kapab ede moun Pòto Riko yo rekipere epi rekonstwi, epi bay opòtinite pou moun New York kontribiye nan efò soulajman yo. Biwo Charite (Charities Bureau) Avoka Jeneral Eric Schneiderman lan pral sipèvize fon an pou asire ke òganizasyon an aplike tout règ ak règleman yo ki ap gouvènè solisitasyon finansman ak distribisyon resous yo. JetBlue te angaje 1 milyon dola kòm yon kontribisyon an nati pou transpòte kliyan ak kago yo pou efò soulajman yo. Gouvènè Cuomo se prezidan onorè efò a, ak Jennifer Lopez, Manm Kongrè Nydia Velázquez, Manm Asanble Marcos Crespo ak Cesar Perales ki ap sèvi kòm ko-prezidan yo.

“Aprè ke nou te wè devastasyon estipefyan ak nesèsite pou asistans dirèk ensondab nan Pòto Riko, mwen ap lanse efò sa pou mete tout pwa resous New York yo pou

popilasyon Pòto Rikèn lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York gen yon istwa long ak yon istwa fyè nan leve kanpe pou ede sila yo ki nan neseseite, epi ak plizyè milyon Pòto Riken ki ap soufri, nou dwe fè tout sa nou kapab pou ede frè ak sè Pòto Riken nou yo rekipere. Mwen remèsye patnè nou yo ki te deja fè don epi ankouraje tout moun New York pote sekou pandan ke n’ap travay ansanm pou ede kominote sa rekonstwi.”

“Pòto Riken yo te ede fè New York vin gran -- epi nou pa pral kite fanmi nou poukont li nan moman neseseite li. Frè ak sè Pòto Riken nou yo se Ameriken, epi nou dwe fè tout sa ki nan pati pa nou pou ede nan rekiperasyon long ki gen pou vini an”, **Avoka Jeneral Eric Schneiderman lan te deklare.** “Mwen ankouraje tout moun New York pou yo fè don atravè charite repitab yo epi swiv [konsèy biwo mwen yo](#) pou kapab asire ke yo mete kòb yo nan bòn itilizasyon.”

“Konsideran pèt ak devastasyon yo, nou bezwen tout moun pou pote atansyon epi pou pote ijaman sipò pou Pòto Riko, Karayib lan, ak Vil Meksiko ak don ak kontribisyon yo”, **se sa Jennifer Lopez, ki se Ko-Prezidant Efò Rekiperasyon ak Soulajman Empire State te deklare.** “Nou konnen ke nou dwe abòde neseseite imedyà yo ak mwayen sivi yo pou moun yo pandan ke nou konsantre sou rekonstwiksyon alontèm enfrastrikti Pòto Riko, Karayib lan, ak Vil Meksiko. Mwen pa kapab di nou kisa sa vle di pou mwen ak moun Pòto Riko pou nou wè New York non sèlman ap pote sipò men tou Gouvènè Cuomo ki parèt aktyèlman ak resous ak materyèl yo. Se moman kounye a pou tout Ameriken yo pran devan epi santre nan ede pote atansyon ak solisyon nan domèn rekonstwiksyon Pòto Riko.”

Finansman pou Rekonstwiksyon & Soulajman Pòto Riko

Gouvènè Cuomo te angaje Patenarya pou Vil New York (Partnership for New York City), òganizasyon biznis ki ap mennen nan vil lan, pou kapab etabli Fon pou Rekonstwiksyon & Soulajman Pòto Riko (Puerto Rico Relief & Rebuilding Fund) nan fon Konfyans Kominotè New York (New York Community Trust), yon fondasyon piblik, ki pral bay sibvansyon pou òganizasyon charitab lokal yo ki nan Pòto Riko ki ap ede nan rekiperasyon ak rekonstwiksyon apre devastasyon Ouragan Maria, ki konsantre sou fwaye ak kominote ki gen plis neseseite yo. Yo ap solisite finansman ak kontribisyon an nati yo nan men kominote biznis lan, ak yon don minimòm 10,000 dola.

Òganizasyon yo ki pral resevwa sipò atravè inisyativ sa ki enkli, men yo pa limite a:

- Caritas de Puerto Rico, filyal Catholic Charities ki ap bay sèvis ak asistans dirèk pou fanmi revni fèb yo atravè Zile a yo.
- Center for a New Economy, yon òganizasyon politik ak devlopman ekonomik san bi likratif ki ap travay ak òganizasyon lokal yo pou bay asistans imanitè, ede gouvènman lokal yo sekirize epi itilize asistans dezans federal, epi devlope inisyativ rekonstwiksyon yo ki ap enkòpore objektif rezistans ak sifzans pwòp tèt yo.
- Centro Para Puerto Rico, yon fondasyon ki ap opere pwogram ki devwe nan rediksyon povrete epi nan ede kominote pòv yo amelyore kondisyon yo.
- Foundation for Puerto Rico, yon fondasyon prive ki ap travay ak gouvènman ak gwoup san bi likratif lokal yo pou kapab amelyore ekonomi Zile a. Yo ap dedike tout pèsònèl ak etablisman yo nan etablisman yon

sant ki ap kowòdone asistans ekstèn ki ap rive nan Pòto Riko yo epi deplwaye asistans sa nan efò soulajman ak rekonstwiksyon yo.

- Con PRmetidos, yon òganizasyon jèn pwofesyonèl san bi likratif ki ap bay asistans pou gwoup lokal yo ak sila yo ki plis nan nesesite nan kominote yo atravè Zile a.
- Para la Natureza, yon fon konfyans ki ap jere resous natirèl ak prezèvasyon istorik yo nan Pòto Riko ki te gravman andomaje akòz ouragan an.

Inisyativ Don Atravè Eta a

Atravè eta a, yo ankouraje moun New York yo pou pote atik pou don yo nan lokal ki seleksyone yo ant 9 a.m ak 6 p.m. Espas depo pou chak rejyon yo se:

Vil New York

Jacob K. Javits Center
655 W. 34th St
New York

Shirley A. Chisholm State Office Building
55 Hanson Place
Brooklyn

Jamaica Street Armory
93-05 168th Street
Queens

Roberto Clemente State Park
301 West Tremont Ave
Bronx

Rejyon Lwès New York

Connecticut Street Armory
184 Connecticut Street
Buffalo

Finger Lakes

State Police Zone Station
1155 Scottsville Road, Suite 400
Rochester

Southern Tier

Binghamton Armory
85 West End Avenue
Binghamton

New York Santral

Senator John J. Hughes State Office Building
333 E. Washington Street
Syracuse

Mohawk Valley

Utica State Office Building
207 Genesee Street
Utica

Rejyon Kapital

Empire State Plaza Main Concourse
Albany

Mid-Hudson Valley

Yonkers Armory
2 Quincy Place
Yonkers

Espas depo yo pral aksepte don chak jou ant 9 a.m. ak 6 p.m.

Gen yon lis konplè òganizasyon charitab pou kontribisyon finansye yo ki disponib sou ny.gov/PuertoRico.

Atik yo mande yo se batri, flach, lantèn pòtab, kouchèt, kouch, kès dlo ak pwodwi ijyèn feminin yo. Tout atik yo dwe konplètman fèmen epi anbale.

An kowòdinasyon ak efò sa, New York Mets ap mande chak fanatik ki ap vin asiste match nan Citi Field yo nan dat 25, 26 ak 27 Septanm yo pou yo pote don pou efò soulajman an nan match baskèt la ki ant 4:00 p.m. ak 7:00 p.m. An plis, Mets yo pral kolekte materyèl ant 10:00 a.m. ak 6:00 p.m. nan dat Jedi ak Vandredi. Seth Lugo, ki se lansè pou Mets yo, li te rejwenn anons Gouvènè a jodi a pou reprezante patenarya a.

Patenarya Asistans Medikal sou Twa Fasèt ak GNYHA, HANYS, NYSNA ak 1199SEIU

An repons a nesesite medikal ki ap ogmante yo nan Pòto Riko, Asosiyasyon Lopital Greater New York (Greater New York Hospital Association, GNYHA), Asosiyasyon Swen Sante nan Eta New York (Healthcare Association of New York State, HANYS), Asosiyasyon Enfimyè yo nan Eta New York (New York State Nurses Association, NYSNA) ak 1199SEIU yo pral travay ansanm sou yon apwòch sou twa fasèt pou bay asistans medikal nan Pòto Riko. Patenarya a pral:

- Idantifye ekip pwofesyonèl swen sante yo, ki enkli pwofesyonèl bileng, pou deplwaye nan Pòto Riko.
- Bay sipò lojistik pou asiste nan jwenn epi bay materyèl medsin ak medikal yo.
- Devlope relasyon sè ant etablisman swen sante yo nan New York ak sila yo ki nan Pòto Riko pou bay sipò global pandan rekiperasyon alontèm yo pou sistèm swen sante Pòto Riko a.

Pèsonèl Ijans Otorite Pòtyè yo (Port Authority)

Otorite Pòtyè New York ak New Jersey yo ap prepare pou deplwaye pèsonèl ijans yo nan Pòto Riko pou kapab asiste nan efò rekiperasyon kowòdone yo. Pò an pral atribiye 45 pèsonèl avyasyon pou asiste nan Ayewopò Entènasyonal San Juan ansanm ak lòt ayewopò yo ki nan Commonwealth la, 11 Pèsonèl Pòtyè pou evalye domaj yo epi asiste

nan reyetablisman operasyon Pò San Juan yo, ansanm ak 10 manm nan Depatman Lapolis Otorite Pòtyè a yo (Port Authority Police Department) ki disponib pou rechèch ak reskous menm jan ak sipò pou sekirite ayewopò a. An plis, Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management) lan pral bay ekipman sipò ansanm ak kat EMT pou asiste. Ekip Otorite Pòtyè a se pral yon operasyon ki antyèman sifizan pou tèt li.

Cesar A. Perales, ki se Ko-Prezidan Efò Soulajman & Rekiperasyon Empire State, te deklare, “Se karakteristik New York pou ede sila yo ki nan nesosite. Atravè kolaborasyon Gouvènè a ak biznis ak kominote yo ki atravè eta a, nou te bay yon lyen dirèk pou frè ak sè Pòto Riken nou yo pou bay sipò ak resous ke yo bezwen pandan moman difisil sa yo. Mwen fyè pou mwen travay ansanm ak Gouvènè a sou inisyativ sa, epi mwen ankouraje tout moun rejwenn efò sa yo epi sipòte nan nenpòt fason ke yo kapab.”

Manm Kongrè a Nydia Velázquez, ki se Ko-Prezidan Efò Soulajman & Rekiperasyon Empire State, te deklare, “Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou aksyon li ap poze yo. Nan Vandredi nou te vwayaje nan Pòto Riko ansanm pou evalye dirèkteman domaj yo akòz Maria epi bay materyèl, pèsonèl ak asistans. Lansman efò sa se yon lòt etap enpòtan ki ap demontre angajman New York nan ede frè ak sè Pòto Riken nou yo nan moman nesosite yo. New York ak Pòto Riko yo gen lyen antrelase. Pou moun New York, Pòto Riken yo se fanmi - pou kèk moun nan sans figire ak, pou anpil nan nou, nan sans literè. Moun New York pran swen fanmi yo epi pi nouvo efò sa pral ede oryante asistans adisyonèl yo ki ap soti nan eta nou an pou ale nan zile a. Sa se yon katastwòf ki gen pwopòsyon istorik ki pral egzije kowòdinasyon nan tout nivo gouvènman yo. Mwen pral defann efò adisyonèl onivo federal, ki enkli repare rapidman epi rekonstwi rezo elektrik Pòto Riko a, ede ti biznis yo rekipere epi abòde falèz Medicaid ki ap pwofite a.”

Manm Asanble a Marcos Crespo, ki se Ko-Prezidan Efò Soulajman & Rekiperasyon Empire State, te deklare, “Ouragan Maria te pote devastasyon nan kominote yo, kay ak lavi fanmi nou yo, frè ak sè nou yo ki nan Pòto Riko, ep pandan ke nou jis sèlman kòmanse reyalize nivo destwiksyon ke Manman Lanati te pote, se ak espwa - gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, ke fanmi nou yo pral resewa asistans ak resous ke yo bezwen pou kapab rekonstwi epi rekipere pi djanm ke anvan. Atravè Efò Soulajman & Rekiperasyon Empire State lan, New York ap yon lòt fwa ankò bay yon platfòm pou abitan yo atravè eta sa pou bay yon kout men. Nou ap bay pèsonèl ak asistans medikal sou tèren an, ak yon materyèl manje ak dlo ki enpòtan anpil pou asire sekirite moun Pòto Riko. Nou rete angaje nan ede Pòto Riko rekonstwi pi byen ke anvan. Pou fanmi nou yo ki nan Pòto Riko: New York avèk nou, men nan men, nan chak pa sou wout lan.”

Efò soulajman sa rive apre vwayaj Gouvènè Cuomo nan Pòto Riko nan Vandredi, lè li menm ak yon delegasyon ofisyèl repons ijans ak administrasyon yo te pòte materyèl sa yo:

- Plis pase 34,000 boutèy dlo ki te yon don konpayi The Coca-Cola Company;
- 9,600 pla ki pare pou moun manje;
- 3,000 atik nan kanèt ki te yon don ki te fèt pa Asosiyasyon Sipèmache Nasyonal la (National Supermarket Association);

- 1,400 manto;
- 1,400 Dra;
- 1,400 zòrye;
- 500 flach; ak
- 10 Dèlko 10 kilowat.

An plis, 60 manm nan Gad Nasyonal Lame New York lan (New York Army National Guard), kat elikoptè Black Hawk ak 50 manm Lapolis Eta yo ki an atant.

Eta New York pataje anpil lyen pwofon ak Pòto Riko, ak anpil konpayiki baze nan New York ki ap anplwaye plizyè milye moun ki nan Pòto Riko nan lokal yo ki atravè zile a. An plis, 1.2 milyon moun New York, oswa 5.7 pousan popilasyon an, yo se etnisite Pòto Rikèn. Sa vle di ke plis moun Pòto Riko ap viv nan New York ke nan nenpòt lòt kote an deyò zile a. An akò ak yon estimasyon nan Ankèt Kominotè Amerikèn 2016 lan (2016 American Community Survey), genyen 280,904 abitan nan Eta New York ki te deklare ke Pòto Riko se lye nesans yo.

Vwayaj sa se pa't premye fwa ke Gouvènè Cuomo te vizite Pòto Riko tou. An 1998, antan ke Sekretè pou Devlopman Lojman ak Iben (Housing and Urban Development) sou Prezidan Bill Clinton, epi alòs Sekretè Cuomo te vwayaje nan zile a apre pasaj Ouragan Georges pou kapab evalye domaj yo epi akselere livrezon asistans federal la. An plis, an 2015, Gouvènè Cuomo te vwayaje de fwa nan Pòto Riko kòm yon pati nan misyon solidarite yo pou kapab asiste zile a nan kriz swen sante ak defi ekonomik ki ap kontinye yo. Foto vwayaj lan yo disponib [isit lan](#).

VIDEYO Gouvènè Cuomo ki ap evalye domaj yo nan Pòto Riko li disponib sou YouTube [isit la](#) epi nan kalite fòm Televizyon (h.264, mp4) [isit la](#).

VIDEYO Gouvènè Cuomo ansanm ak Gouvènè Ricardo Rosselló Pòto Riko ki ap evalye domaj yo nan yon elikoptè Black Hawk lan li disponib nan kalite fòm Televizyon (h.264, mp4) [isit la](#).

VIDEYO yon kominote ki te vizite pa gouvènè yo nan elikoptè li disponib nan kalite fòm Televizyon (h.264, mp4) [isit la](#).

###